



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON K'AP PWOLONJE DAT LIMIT POU SOUMÈT BILTEN VÒT POU MOUN KI ABSAN YO NAN JOU ELEKSYON AN

Li pibliye Dekrè Egzekitif k'ap pwolonje dat limit pou soumèt bilten bidjetè lekòl yo

Gouvènè a pibliye Dekrè Egzekitif anvan sa k'ap pèmèt tout Nouyòkè vote pandan yo absan nan eleksyon primè yo nan dat 23 jen an epi asire chak Nouyòkè resevwa otomatikman yon Aplikasyon bilten absan pre-peye pa korespondans

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.8130-D/A.10516-A) k'ap pwolonje dat limit pou soumèt bilten vòt pou moun ki absan yo jiska jou eleksyon an. Pou yo konte yo, bilten prensipal yo dwe gen tenb disi 23 jen. Gouvènè a te pibliye Dekrè Egzekitif anvan sa k'ap pèmèt tout Nouyòkè vote pandan yo absan nan eleksyon primè yo nan dat 23 jen an epi asire chak Nouyòkè ki anrejistre pou vote resevwa yon aplikasyon bilten absan pre-peye pa imèl.

Gouvènè a te anonse tou li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif k'ap pwolonje dat limit pou distri lekòl yo resevwa bilten bidjetè lekòl yo. Pou yo ka konte yo, yo kapab aksepte bilten bidjetè lekòl yo atravè livrezon a men jiska 5pm nan dat 9 jen epi yo ka resevwa yo pa emèl nan dat 16 jen atravè distri lekòl la.

"Pandemi COVID-19 chanje mond nou an, epi pandan ke nou ap fè gwo pwogrè epi chif yo kontinye ap desann, pa gen okenn New Yorkè ki ta dwe gen pou chwazi ant sante yo ak dwa yo pou yo vote", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwolonje dat limit pou soumèt bilten vòt pa korespondans la baze sou Dekrè Egzekitif anvan nou an pou fè li pi fasil pou Nouyòkè yo vote pandan yo absan nan eleksyon primè kap vini an epi li pral ede ogmante patisipasyon elektè yo pandan n'ap kontinye goumen kont viris sa a."

Senatè Zellnor Myrie te deklare, "Aprè nou deja wè plis pase 23,000 Nouyòkè ki mouri, nou te pran desizyon ke yon pandemi pa ta dwe anpeche dwa konstitisyonèl yo pou vote, demokrasi a, ta dwe siviv menm nan yon pandemi. Se poutèt sa n'ap fè pwojè lwa sa a. Nouyòkè yo pa ta dwe gen anpechman pou yo chwazi lidè yo akòz pandemi sa a. Patisipe nan demokrasi ou a se chwazi lidè yo ke ou vle ki pou mennen nou nan kriz sa a".

Manm Asanble Aravella Simotas te deklare, "Tout moun ka dakò ke eleksyon yo ta dwe jis epi ouvè pou tout moun. Pandemi kowonaviris lan fòse nou re-egzamine jan nou administre eleksyon yo nan gwo eta New York la. Li defye nou tou pou nou mete diferans politik yo sou kote epi reflechi sou kolektif la pandan n'ap reponn yon kesyon ki

senp —Kijan pou nou bati yon inyon ki pi pafè? Ogmante itilizasyon bilten vòt pa korespondans yo ak pèmèt Nouyòkè yo vote apati lakay yo se te yon repons evidan, men yon pwojè ki difisil. Se espwa mwen ke pandan n'ap avanse pou pi devan, nou ka baze sou mekanis sa yo nou te kreye pou ane sa a. Mwen rekonesan dèske Gouvènè Cuomo te mennen twoup la atravè Dekrè Egzekitif pou kòmanse tandans sa a, e epi mwen pa ka tann pou mwen travay avèk li pou kodifye dispozisyon sa yo nan lwa an pèmanas pandan n'ap avanse pi devan. Eksèltyò".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)